Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- rëbb na kiy ger ak ki ñuy ger cib àtte

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- rëbb na kiy ger ak ki ñuy ger cib àtte.
[Wér na] [At-tirmisiy soloo na ko, ak Ahmat]

yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dafa ñaanal ag dàq ak sori yërmànde Yàlla ñeel kuy joxe ger ak ki koy jël. Bokk na ci loolu li ñuy jox àttekat ya ngir ñu jeng ca àtte ba ñuy def; ngir kiy joxe jaare ca ba am la mu bëgg ci lu dul dëgg.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/64689